# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–15 जून 2025 भोजपुरी समाचार

केन्द्रीय मंत्री अमित शाह आजु लखनऊ में उत्तर प्रदेस पुलिस क अबले क सबसे बड़हन पुलिस भर्ती परीक्षा में चयनित साठ हजार दुइ सौ चउवालिस अभ्यर्थियन के डिफेंस एक्सपो ग्राउंड में नियुक्ति पत्र दिहलें। कार्यक्रम में सामिल मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो चयनित अभ्यर्थियन क उत्साहवर्धन कइलें।

येह मौका पर गृहमंत्री अमित शाह कहलें कि एकतीस मार्च दुइ हजार छब्बीस ले नक्सलवाद पूरा देस से खतम हो जाई आजु प्रदेस में सुरक्षा अउर कानून व्यवस्था क बेहतर माहौल हौ। बिना कउनो सिफारिस के नौजवानन के पारदर्शी भर्ती प्रक्रिया में उनके योग्यता के हिसाबि से नियुक्ति दिहल जा रहलि हौ।

**एक बात बड़ी महत्वपूर्ण है मेरे सामने 60 हजार 244 युवा बैठे हैं मै उनके सामने हिम्मत से कह रहा हूँ किसी को एक काने पाई की भी रिश्वत किसी को भी देने नही पड़ी है ये पारदर्शिता के साथ भर्ती है। ना खर्ची न पर्ची सिफारिश से भी नही जाती के आधार पर भी नही और भ्रष्टाचार से भी नही योग्यता के आधार पर 48 लाख एप्लिकेशन में से आप सब आप सब आपकी योग्यता के आधार पर आये हैं बट मै मानता हूं इससे बड़ी उपलब्धि किसी भी शासन के लिए कोई नही हो सकती है।**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि साठ हजार से बेसी नौजवानन के आजु नियुक्ति पत्र क वितरण अइसन समय हो रहल हौ जब प्रधानमंत्री मोदी देस क सेवा, सुसासन अउर गरीब कल्याण क ग्यारह बरिस क कार्यकाल लोगिन के जिनगी में बदलाव ले आवे क कार कइले हौ। पछिला आठ बरिस में प्रदेस क डबल इंजन सरकार उत्तर प्रदेस क साढ़े आठ लाख से बेसी नौजवानन के सरकारी नोकरी दिहले हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु संझा के बनारस पहुंचिहे। दुइ दिन क दौरा में मुख्यमंत्री सर्किट हाऊस में कानून व्यवस्था अउर विकास कार्यन क समीक्षा करिहें। एकरे बाद सझिये के बाबा काल भैरव अउर श्रीकाशी विश्वनाथ मंदिर में दरसन पूजा के बाद चुनिन्दा विकास परियोजनन, पांडेयपुर क मानसिक चिकित्सालय अउर यूपी कॉलेज क हॉकी मैदान में एस्ट्रोटर्फ क भी निरीक्षण कई सकेलें।

**********

भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन–इसरो उत्तर प्रदेस क कुशीनगर में रॉकेट प्रक्षेपण क सफलता के साथे परीक्षण कइले हौ। हमरे संवाददाता बतवले कि ई राज्य बदे एगो इतिहासिक क्षण हौ। काहं से कि राज्य में पहिला बेरि राकेट के जरिया से छोट उपग्रह पेलोड क प्रक्षेपण कइल गइल हौ।

**इसरो के वैज्ञानिक अभिषेक सिंह ने बताया कि यह परीक्षण थ्रस्ट टेक इंडिया लिमिटेड के सहयोग से किया गया। परीक्षण के दौरान रॉकेट 1.1 किलोमीटर की ऊंचाई तक गया इसके बाद रॉकेट से एक छोटा उपग्रह बाहर आया, जब यह उपग्रह 5 मीटर नीचे गिरा तो उसका पैराशूट खुल गया। इसरो के वैज्ञानिक ने बताया यह रॉकेट लॉन्च परीक्षण अहमदाबाद में ड्रोन का उपयोग करके किए गए पिछले परीक्षणों से कई मायने में अलग है, क्योंकि यह पहला मौका है जब यूपी में रॉकेट का उपयोग करके सीधे उपग्रह लांच किया गया है। ओम अवस्थी आकाशवाणी समाचार लखनऊ।**

**********

गुजरात क अहमदाबाद विमान हादसा में अबले बत्तीस मृतकन के डीएनए नमूना का मिलान हो चुकल हौ अउर चउदह शव उनके परिजन लोगिन के सउपि दिहल गइल हौ। सिविल अस्पताल क अतिरिक्त अधीक्षक डाक्टर रजनीश पटेल बतउलें कि जवन मृतक लोगिन के डीएनए नमूना क मिलान हो गइल हौ उनकर शव परिजन लोगिन के सउपल जा रहल हौ। पूर्व मुख्यमंत्री स्वर्गीय विजय रूपाणी क डीएनए मिलान हो गइल हौ। राज्य क गृहमंत्री हर्ष संघवी एकर घोषणा कइलें।

**********

अंतरराष्ट्रीय योग दिवस के उपलक्ष्य में आजु प्रदेस के कइ जिलन में साप्ताहिक योग प्रशिक्षण शिविर, व्याख्यान अउर कार्यशाला का सुभारंभ भइल। कार्यक्रमन क ई सिलसिला एकइस जून ले जारी रही।

येही क्रम में आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में साप्ताहिक योग शिविर अउर शैक्षिक कार्यशाला का उद्घाटन भइल। उद्घाटन सत्र क मुख्य अतिथि आयुष विश्वविद्यालय क कुलपति डाक्टर रामकृष्ण रेड्डी कहलें कि योग अउर आयुर्वेद पूरा दुनिया बदे एगो महान वरदान हौ। ई प्राचीन भारतीय चिकित्सा पद्धति न खाली सारीरिक, स्वास्थ्य के बढ़ावा देले बलुक मानसिक अउर आध्यात्मिक कल्याणों में सहजोगी हौ। ओहर बनारस क नमो घाट पर विधायक नीलकंठ तिवारी सात दिन ले चले वाला योग शिविर क सुरूआत कइलें। येह मोका पर जनप्रतिनिधि लोगि आम लोगिन के योग क महातम के बारे में बतवलें। मिर्जापुर मे जिलाधिकारी प्रियंका निरंजन क मार्गदरसन में योग सप्ताह क सुरूआत भइल। येही तरियन बलिया, बलरामपुर, जौनपुर, मऊ, अम्बेडकर नगर के साथे कई जिलन में साप्ताहिक योग शिविरन क आजु सुभारंभ भइल। येह बिच्चे विसेसज्ञ लोगि आमजन के प्राणायाम अभ्यास करावे के सथही येह से होखे वाले लाभ के बारे में जनकारी दिहले।

**********

जौनपुर में मिशन शक्ति फेज–5 में आजु पुलिस की ओरि से महिला सशक्तिकरण बदे चौपाल लगा के मेहरारून के जागरूक कइल गइल। येह मौका पर विसेसज्ञ लोगि लइकनिन अउर मेहरारू के वूमेन पॉवर लाईन– एक शून्य नौ शून्य अउर यूपी–एक सौ बारह के साथे कइ गो हेल्पलाईन नंबरन के बारे में विस्तार से जनकारी दिहल गइल।

**********